



RED TIDE

10 PI GWO ENFÒMASYON SOU RED TIDE:

1. Nan Florid, se yon alg mikwoskopik ki fèt natirèlman yo rele *Karenia brevis* oswa *K. brevis* (yon òganis tou piti ki tankou yon plant) ki lakòz red tide.
2. Òganis lan pwodui yon sibstans toksik ki ka afekte sistèm nève santral pwason, zwazo, mamifè ak lòt bèt.
3. Lè yo anpil (ke yo rele florezon), òganis lan ka chanje koulè dlo a — pafwa wouj, vèt pal oswa fonsè, osnon mawon.
4. Red tide oswa florezon alg nwizib (HAB yo) rive nan tout monn lan. Ou prèske jwenn *K. brevis* nan Gòlf Meksik la sèlman, men yo te jwenn li sou kòt lès Florid ak nan zonn lakòt Kawolin Dinò.
5. Florezon red tide ka dire plizyè jou, semèn oswa mwa epi li ka chanje chak jou tou akòz kondisyon van ak kouran dlo yo. Van ki sot nan lanmè a pote li nòmalman toupre rivaj la, epi van ki soti nan latè voye li nan lanmè.
6. Yo te anrejistre red tide premye fwa ofisyèlman nan Florid an 1844.
7. Yon florezon red tide bezwen byoloji (òganis yo), chimi (eleman nitritif pou kwasans, ki natirèl oswa ke lèzòm kreye), ak fizik (mekanism pou konsantre ak transpòte). Yon sèl grenn faktè pa lakòz li. Yo te fè tès pou wè si eleman nitritif bò lanmè yo amelyore oswa prolonje florezon.
8. Red tide ka irite po ak respirasyon kèk moun. (*Gade nan vèsò a pou wè plis efè sou sante.*)
9. Yo kontwòle fwidmè restoran ak otèl yo, epi moun ka manje yo san danje. (*Gade nan vèsò a.*)
10. Mote Marine Laboratory pibliye dènye enfòmasyon tounèf sou eta plaj yo defwa pa jou, epi red tide ladan tou. Ale nan www.mote.org/beaches.

Si w gen yon kesyon oswa yon pwoblèm sante ki gen rapò ak red tide, tanpri rele Sant Enfòmasyon Kontwòl Pwazon nan Eta Florid la nan:

1-800-222-1222

Enfòmasyon sou Sante: www.floridahealth.gov
Rapòte Pwason yo touye san rezon: 1-800-636-0511 [FWC]
Rapò Enfòmasyon ak Eta Red Tide: www.myfwc.com/redtide
Enfòmasyon Jeneral sou Red Tide: www.start1.org
Eta Plaj yo kounyè a: www.mote.org/beaches
oswa rele 941-BEACHES (232-2437)

RED TIDE

KONSÈY SOU SANTE:

1. Pifò moun ka naje nan red tide, men li ka lakòz iritasyon po ak boule zye. Si po w irite fasilman, evite dlo red tide. Si w santi iritasyon, soti nan dlo a epi lave kò w byen ak dlo dous. Li pa rekòmande pou naje toupre pwason mouri.
2. Lè w respire sibstans toksik red tide yo, sentòm yo anjeneral gen ladan touse, estènen ak zye k ap koule dlo. Pou pifò moun, sentòm yo se pou yon ti tan lè sibstans toksik red tide yo nan lè a. Si w mete yon mask pou filtre patikil, sa kapab diminye efè yo, epi rechèch montre ke si w pran antiistaminik yo vann san preskripsyon yo, sa ka diminye sentòm ou yo. Tcheke previzyon meteyo pou lanmè. Gen mwens sibstans toksik nan lè a lè van soufle sot nan tè ale nan lanmè.
3. Moun ki gen pwoblèm respiratwa kwonik tankou opresyon ak COPD dwe evite zòn red tide yo. Si w gen sentòm ki pèsiste, chèche jwenn swen medikal.

KONSÈY SOU SEKIRITE POU FWIDMÈ:

1. Fwidmè komèsyal ou jwenn nan restoran ak makèt yo san danje paske yo soti nan dlo ki pa gen red tide, epi leta kontwole yo.
2. Moun k ap lapèch pou lwazi dwe pran prekosyon:
 - Pa manje molisk (kokiyaj oswa zuit) ou pran nan men dlo red tide yo, paske yo gen sibstans toksik ki lakòz yon entoksikasyon alimantè yo rele entoksikasyon newotoksik akòz molisk (NSP, Neurotoxic Shellfish Poisoning).
 - Ou ka manje pwason ki gen najwa ou kenbe tou vivan e ki ansante si w fè filè ak yo.
 - Red tide pa afekte pati nan lòt bèt moun ka manje ke yo rele kristase òdinèman (krab, kribich ak langous), epi ou ka manje yo. Pa manje tamale (bagay vèt / fwa-pankreyà).
 - Sèvi ak bon sans ou: nan okenn sikonstans yo pa konseye rekòlte bèt ki andomaje oswa ki mouri.

